



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE JISKA \$4.7 MILYON POU SANSIBILIZASYON,  
EDIKASYON AK KONSYANTIZASYON PWOBLÈM JWÈT POU LAJAN YO  
ATRAVÈ ETA A**

***Finansman an Vize Ekspansyon Sèvis Pwoblèm Jwèt Pou Lajan yo Atravè Eta a Ki  
Enkli Devlopman Sèt Nouvo Sant Resous Pwoblèm Jwèt Pou Lajan Rejyonal yo***

***Inisyativ lan Te Finanse Atravè Frè Lisansiman Anyèl Ke Yo Te Faktire Kazino yo***

***Gouvènè Cuomo Rekonèt Dat 30 Mas 2017 kòm “Jounen Konsyantizasyon Pwoblèm  
Jwèt Pou Lajan” (“Problem Gambling Awareness Day”)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Demann Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou disponiblite jiska \$4.7 milyon nan finansman anyèl pou sèvis sansibilizasyon, edikasyon ak tretman pwoblèm jwèt lajan atravè eta a. RFP a gen ladan devlopman ak sipèvizyon sèt Sant Resous Pwoblèm Jwèt Pou Lajan yo (Problem Gambling Resource Centers) atravè eta a. Inisyativ lan pral finanse an pati atravè yon frè lisans anyèl \$500 ke yo te faktire kazino ki ap opere nan Eta New York yo, pou chak tab jwèt pou lajan ak machin a santim yo nan etablisman yo. RFP a disponib [isit la](#). Delè pou repons yo se dat 8 Jwen 2017.

Gouvènè a te pibliye tou yon [pwoklamasyon](#) ki rekonèt dat 30 Mas 2017 lan kòm Jounen Konsyantizasyon Pwoblèm Jwèt Pou Lajan nan Eta New York.

“Finansman sa pral ede edike piblik lan sou adiksyon a jwèt pou lajan yo epi ede asire ke sila yo ki bezwen asistans yo ap resevwa aksè a resous ak tretman ke yo bezwen,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap bay Nouyòkè yo nan chak kote nan eta sipò ki konsantre sou retablisman yo ke yo bezwen pou kapab rann posib retablisman yo an, epi fè nou vin yon pa pi pre pou genyen yon New York ki pi fò epi ki pi an sante pou tout moun.”

“Finansman sa pral pèmèt nou edike piblik lan, amelyore aksè a tretman epi kontinye bay sèvis ke yo bezwen anpil pou sila yo ki afekte pa pwoblèm jwèt pou lajan yo,” **se sa Komisè Biwo Sèvis Abi Sibstans ak Alkolis nan Eta New York lan (New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, NYS OASAS) Arlene González-Sánchez, te deklare.** “Menm jan ak lòt adiksyon yo, pwoblèm jwèt pou lajan

yo gen konsekans grav pou moun yo, menm jan ak zanmi yo, moun ki renmen yo ak kominote yo.”

Nouvo Sant Resous Pwoblèm Jwèt Pou Lajan yo pral sèvi kòm santral pou kowòdinasyon referans pou sèvis pwoblèm jwèt pou lajan yo nan rejyon yo. Yo pral kowòdone tou ansanm ak etablisman jwèt pou lajan yo pou asire ke enfòmasyon ak referans yo disponib si sa nesèsè.

Anba tèm lwa 2013 yo ki legalize kazino jwèt pou lajan yo nan Eta New York, yo egzije nouvo kazino yo pou fè depo yon \$500 pou frè lisans anyèl nan Fon Revni Jwèt pou Lajan Komèsyal la, pou chak machin a santim ak tab jwèt pou lajan yo ke yo ap opere. Lwa egzije ke yo itilize fon sa yo esklizivman pou objektif edikasyon ak tretman pou pwoblèm jwèt pou lajan yo.

Nan yon jefò pou ogmante aksè a sèvis pou pwoblèm jwèt pou lajan yo atravè Eta a, \$4.7 milyon nan finansman an pral disponib kòm yon kontra dirèk pandan senk ane ak OASAS. Espesyalman \$1.4 milyon se pral pou sansibilizasyon, edikasyon, konsyantizasyon ak fòmasyon, epi \$3.3 milyon pral pou sèt Sant Resous Pwoblèm Jwèt Pou Lajan rejyonal yo. Pa gen fon kapital ki disponib atravè RFP sa.

Òganizasyon ke yo bay yon kontra sou inisyativ sa pral gen opòtinite pou:

- Devlope enfòmasyon sou edikasyon ak konsyantizasyon piblik atravè eta a ki an rapò ak pwoblèm jwèt pou lajan yo;
- Sèvi kòm sant atravè eta a pou enfòmasyon ak resous pou pwoblèm jwèt pou lajan yo;
- Bay fòmasyon, asistans teknik, ak patenarya kominotè yo; ak
- Devlope, reyalize epi sipèvizè sèt Sant Resous Pwoblèm Jwèt Pou Lajan yo, pou kapab asire aksè a sèvis pwoblèm jwèt pou lajan yo ki enpòtan sou plan kiltirèl nan tout rejyon yo atravè Eta a, pandan ke l’ap konstwi tou relasyon kolaboratif ak etablisman jwèt pou lajan lokal yo.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, ‘HOPEline’ 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369). Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn yo kapab jwenn lè y ap itilize Panèl Disponibilite Tretman OASAS NYS la (NYS OASAS Treatment Availability Dashboard) nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [paj Aksè Tretman \(Access Treatment\)](#) sou [sitwèb OASAS NYS](https://www.oasas.ny.gov) la. Vizite sitwèb [#CombatAddiction](#) an (Konbat Adiksyon) nan [oasas.ny.gov/CombatAddiction](https://www.oasas.ny.gov/CombatAddiction) pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason ou ka ede òganizasyon [#CombatAddiction](#) an nan kominote w la.

Vizite sit entènèt [www.combatheroin.ny.gov](https://www.combatheroin.ny.gov) pou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou abòde pwoblèm ewoyin ak abi preskripsyon opyoyid, sa enkli tou yon Twouso Zouti Tab Kwizin (Kitchen Table Tool Kit) pou ede kòmanse konvèsasyon an sou siy avètisman adiksyon ak ki kote pou w jwenn èd. Pou w jwenn zouti pou itilize pou ka pale avèk yon jèn moun sou prevansyon itilizasyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, vizite [sitwèb Talk2Prevent](#) Eta.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418